ҚАРАҚАЛПАҚСТАН

КАРАКАЛПАКСТАН

KARAKALPAKSTAN

ИЗДАТЕЛЬСТВО
"КАРАКАЛПАКСТАН"

PRIMBETOV MAKHSETBAY
TLEPBERGENOVICH
г. Нукус Республика Каракалпакстан.

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН
КАРАКАЛПАКСТАН
KARAKALPAKSTAN

ФОТО-АЛЬБОМ

ИЗДАТЕЛЬСТВО „КАРАКАЛПАКСТАН"

НУКУС – 1984

33С5 (526)

РЕДКОЛЛЕГИЯ

Абдиров Ч. А., Арзымбетов У. А., Жумашев Х. Ж.,
Исмаилов Б. И., Каипбергенов Т. К., Камалов С. К.,
Леонтичев Ю. А., Утамбетова К. Е., Юсупов К. Е. (руководитель),
Юсупов И. Ю.

АВТОРЫ
сценария и текстов:

ИСМАИЛОВ Б. И. и ЖУМАШЕВ Х. Ж.

АВТОРЫ
фотографий:

КОТАНОВ В. Ф.,
КУЗЬМИН О. И.

ОФОРМЛЕНИЕ И МАКЕТ
художника

КОТАНОВА В. Ф.

В альбоме использованы фотографии:
Галай В. П., Саидова Р. С., Елеусинова М. Е., Уразова К. У.,
Лихваря А. И., Рихтера В. И., Багрянского Ю. Д., Пенсона М.М.

Творческая фотопечать В. Д. Пилиповского.

Переводчик текстов на английский язык
ОЛЕЙНИК С. А.

К $\frac{4903040000-010}{М-357(04)-84}$ 114–84

© Издательство „Каракалпакстан“, 1984

ТЕҢ ҲУҚЫҚЛЫ ХАЛЫҚЛАРДЫҢ БИРИ

Қарақалпақстан Автономиялы Совет Социалистлик республикасы Өзбекстан ССР ының арқа-батысында жайласқан. Оның жер майданы 165,7 мың квадрат километр, онда бир миллионнан аслам адам жасайды.

Қарақалпақстан АССР ының пайтахты —Нөкис шәҳәри автономиялы республикамыздың экономикалық, административлик-сиясий ҳәм мәдений орайы болып есапланады. Октябрь революциясына шекем ол көрер көзге ысқынсыз, еки казарма жайынан ғана ибарат жалғыз сақшылар қорғаны еди. Қаланың тийкарғы тырнағы пайтахтты Төрткүлден бунда көшириў мәселеси шешилген—1932-жылы салынды. Солай етип Нөкис 1939-жылдан баслап пайтахт болды.

Қаланың архитектуралық көринисин әпиўайы ҳәм салдамлы имаратлар безеп, ол шәҳәрдиң ҳәзирги заман көп этажлы жайлары ҳәм жасыл қыябанлары менен үйлесип турады. Шәҳәр тез пәт пенен өспекте. Биринен соң бири микрорайонлар пайда болмақта. Ҳәр жылы мыңнан аслам нөкислилер жаңа қонысларын нышанлайды. Ҳәзир бул жерде 150 мыңға шамалас адам турады.

Тәбият автономиялы республикамызға мол байлықларын инам еткен. Қызылқум ҳәм Қарақум жәзийрасы, Үстирт саҳрасы ҳәм Арал теңизи қоршаған бул гөззал үлке өзиниң теңиз ҳәм көп суўлары менен, тоғайлары, пахта ҳәм салы атызлары, бағ ҳәм жүзимгершиликлери менен, жер асты байлықлары менен журтты қайыл қалдырады. Орта Азияның ең ири дәрьясы—Әмиўдәрья бул жерге ишсең мийриң қанатуғын шыпалы суўын жеткерип, кең пайтақ жерди ҳасылзарлыққа айландырады.

Қарақалпақстан узақ әсирлер даўамында ҳуқықсызлық, жоқшылық үлкеси болып келди. Мийнеткешлер массасы қатал түрде езилип келди, олар тутасы менен саўатсызлықта жасады. Жан түршигерлик әптадалық, ашаршылық, медициналық жәрдемниң аты-аўазасының да болмаўы халықтың биротала жоқ болып кетиўине әкелип тақады. Октябрь революциясына шекем Қарақалпақстан патша Россиясының ең артта қалған колониясы еди. Уллы Октябрь, Ленин, коммунистлер партиясы, рус рабочий класы еркинлик ҳәм бахыт әкелди, социаллық ҳәм миллий езиўшиликтиң кисенин күл-талқан етти. Партияның ерки, халықтың қаҳарманлық ислери менен барлық қарақалпақ жери қайтадан кәмалға келди. Мийнет адамы оның шексиз байлықларының ийеси болып қалды.

Тең ҳуқықлы халықлардың бири болған қарақалпақ халқы Совет властьı жылларында ғана жәмийетлик-сиясий, экономикалық ҳәм социаллық прогресс жолында наятый уллы илгерилеўшиликлерге ерисе алды, тарийхында туңғыш рет өзиниң мәмлекетлик өз бетиншелигине ийе бола алды. Қарақалпақ социалистлик миллети қәлиплести ҳәм раўаж алды.

1924-жылы Орта Азия республикаларының миллий мәмлекетлик шегараларын белгилеў дәўиринде Қазақстан АССР ының составында Қарақалпақстан автономиялы областы дүзилди. 1930-жылы ол тиккелей Россия Федерациясының составына кирди, ал 1932-жылы Автономиялы Совет Социалистлик Республикасы болып қайта дүзилди. 1936-жылы СССР Конституциясына муўапық Қарақалпақстан АССР ы Өзбекстан ССР-ының составына кирди.

КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары Ю. В. Андропов Совет Социалистлик Республикалар Союзының дүзилгенине 60 жыл толыў ҳүрметине бағышланған КПСС Орайлық Комитетиниң ҳәм СССР Жоқарғы Совети менен РСФСР Жоқарғы Советиниң бас қоспа салтанатлы мәжилисинде шығып сөйлеген сөзинде Советлер Союзының 60 жыл даўамында басып өткен жолы—бул үлкен бир дәўир, деп атап көрсеткен еди. Артта қалыўшылық, бахытсызлық ҳәм апатшылық ҳалатынан ең жоқары мәдений дәрежедеги ҳәм халқының абаданлығы мудамы артып баратырған ҳәзирги заманғы уллы мәмлекет дәрежесине дейин жылдырымдай тезлик пенен пәрўаз етиўшиликти тарийх, бәлким, ҳеш қашан билмеген шығар.

Советлер Союзының тарийхы—оның байрағы астына жәмленген барлық республикалардың, кең пайтақ елимизде жасайтуғын барлық миллет ҳәм халықлардың экономикалық, сиясий ҳәм мәдений жақтан беккемлениўиниң ҳәм ҳақыйқат гүллениўиниң тарийхы.

◀1 ◀2

Революцияға шекем патриархаллық-феодаллық қатнасық ҳүким сүрген бизиң Қарақалпақстан—советлик республикалардың туўысқанлық аўқамында өзиниң даңқлы жолын жүрип өтти. Коммунистлик партиямыздың басшылығы астында уллы рус халқының, өзбек ҳәм елимиздиң басқа да халықларының туўысқанлық жәрдеми менен, ол жоқары раўажланған санааты ҳәм кең өндирислик аўыл хожалығы бар, мәденияты ҳәм илими өсип гүлленген мәканға айланды.

Байрағында Ленин, Октябрь революциясы ҳәм Халықлар дослығы орденлери жарқырап турған Социалистлик Қарақалпақстан —марксизм-ленинизмниң өмир сүйгиш қүдиретиниң, КПСС ленинлик миллий сиясатының жеңисиниң жарқын мысалы бола алады.

1984-жылы Қарақалпақстан Совет автономиясына 60 жыл толады. Бул узақ емес тарийхый мүддет. Лекин 60 жылда нәтийжели мийнет арқасынан әмелге асқан сол уллы өзгерислер өзиниң мәниси ҳәм әҳмийети жағынан пүтин бир тарийхый дәўирге бара-бар.

1913-жыл менен салыстырғанда санаат өнимлерин жетистириў 262 мәртебе артты. Совет властьı дәўиринде автономиялы республикамызда энергетикалық, пахта тазалаў, май шығарыў, балық ислеп шығарыў, метал ислеп шығарыў, мебель, полиграфия ҳәм басқа да санаат тараўлары дүзилди. Жақында ғана тоқымашылық санааты пайда болды.

Соқыр шыралар «Ильич шырақлары»на орын берди, жаңа электр станциялары бириниң изинен бири қатарға қосылмақта.

Ағаш гүнделер ҳәм шыйқылдаған арбалар экспонат ретинде музейлерге көшип, атызларға трактор ҳәм комбайнлар түсти. Ярым натураль дийханшылық ҳәм көшпели шарўашылық пенен шуғылланатуғын артта қалған үлкеден социалистлик индустриалы-аграрлық үлкеге айланып, республикамызда бир әжайып өзгерис жүз берди.

Республикамыздың барлық санаат комплексине социалистлик индустриализация жолы тән бола алды, тек шийки зат жетистириў менен ғана шекленбей, тайын өнимлер жетистиретуғын санаат тараўлары да бой тикледи.

Революцияға шекем аўыл хожалығының шийки затларын ебин-жорық ислеп шығаратуғын майда-шүйде өнерментшилик кәрханаларында барлығы болып 137 рабочий ислейтуғын еди. Ҳәзир автономиялы республикамызда ҳәзирги заман техникасы менен үскенеленген, жоқары қәнигелестирилген рабочийлардың, инженерлик-техникалық хызметкерлердиң үлкен армиясы ислеп атырған жүзден аслам кәрхана бар.

Олардың ишинде пахта ислеп шығарыў ең ири санаат тараўы болып есапланады. Егер 1923—1924-хожалық жылында сол ўақытларғы бирден бир Төрткүл Мәмлекетлик пахта тазалаў заводы мың тонна пахта талшығын ислеп шығарған болса, ҳәзирги сегиз пахта тазалау заводы жылына орташа 120 мың тоннаға жақын пахта талшығын, 2 мың тонна өсимлик майын ҳәм басқа да өнимлерди ислеп шығарады.

Электроэнергетика пәтли раўажланбақта. 1940-жылы автономиялы республикамыздың барлық электр станциялары 3,6 миллион, 1950-жылы 10,5 млн. киловатт саат электр энергиясын ислеп шығарған болса, 1982-жылы тек Тахиятас ГРЭС иниң өзи халық хожалығына 1,7 миллиард киловатт саат электр энергиясын жеткерди. «Халықлар дослығы станциясы» деп аталатуғын Тахиатас ГРЭС иниң электр бағаналары өз ыйықларында Қарақалпақстан жериниң барлық түпкирлерине, Өзбекстанның Хорезм областына ҳәм Түркменстанның Ташаўыз областына электр энергиясын тасыйды. ГРЭС Бирлескен энергетика системасына қосылды.

Ислеп шығарған өнимлери халық тәрепинен көплеп талап етилетуғын Орта Азиядағы ең ири Мойнақ балық консерва комбинатының жигирмадан аслам өнимине мәмлекетлик сапа белгиси берилген. Комбинат жылына тек балық консервасынан 12 млн. қуты бере алады. Соның менен бирге ол частик балығының уўылдырығын, жас, тоңлатылған, дузланған, қақланған ҳәм ысланған балық онимлерин де ислеп шығарады.

Халық хожалығында ҳәм турмыста тәбийғый газ кең түрде қолланыла баслады. Үстирт саҳрасында запасы онлаған миллиард кубометрге жететуғын «жасыл отын» бар оғада күшли Шахпахты газ кәни эксплуатацияға тапсырылды. Қарақалпақ тәбийғый газы Орта Азия — Орай трансконтинентальлық газопроводына тутастырылды.

Онша алыс емес өтмишинде үстинен тек кәрўан жоллар ғана жүрип өткен Қарақалпақстан, бүгин тум-тусын шым-шытырық машина жоллары, темир жоллар, суў ҳәм ҳаўа қатнасығы кестелеген үлкеге айналды. Узынлығы 2,5 мың кубометрлик асфальт жоллары автономиялы республикамыздың ең алыс жерлерин орай менен байланыстырады. Ташкент—Арал теңизи автогүзары халық хожалығында үлкен әҳмийетке ийе.

Урыстан соңғы жыллары Қарақалпақстанды Қарақум жәзийрасы арқалы Орта Азия темир жолына байланыстыратуғын автономиялы республикамыздағы биринши Чаржаў—Қоңырат темир жолы қурылды. СССР дың дүзилгенине 50 жыл толыў қарсаңында узынлығы 406 километрлик Қоңырат—Бейнеў полат магистралы эксплуатацияға берилди, солай етип елимиздиң орайлық районларына баратуғын темир жол еки мәртебеге жақынласты. Соңғы он жыллықта темир жол линиясы Әмиўдәрьяның оң тәрепине өтип, автономиялы республикамыздың пайтахты арқалы арқада Шымбайға дейин, қублада Төрткүлге дейин өткерилди. Ҳәзир темир жол составлары (адам ҳәм жүк тасыйтуғын) Нөкис станциясы арқалы көп ғана бағдарларға изи үзилмей қатнап тур.

Ҳаўа транспорты бизиң пайтахтымызды Москва, Киев, Ташкент, Алма Ата, Баку, Ашхабад, Душанбе, Волгоград, Минеральные воды ҳәм басқа да көплеген шәҳәрлер, район орайлары, шарўа ҳәм геологлардың алыстағы поселкалары менен байланыстырып тур. Дәрья флотымыз ҳәзирги заман кемелери ҳәм баржалары менен үскенеленген.

Революцияға шекем қарақалпақлар қара үйлерде ҳәм пақсадан салынған қақыраларда жасап келген. Қала ҳәм поселкалардың қурылысы тек совет властьı дәўиринде басланды. Тахиатас, Шоманай, Қараөзек, Ленинабад, Ақмаңғыт, Бостан, Үстирттеги Комсомольск, Қаратаў қусаған қала ҳәм поселкалар қулазыған ашық даланлықта дерлик бой тикледи. Қоңырат, Хожели, Төрткүл ҳәм басқа да шәҳәрлерде ири микрорайонлар өсип жетисти, абаданластырылған колхоз ҳәм совхоз поселкалары салынды.

Қарақалпақстан қурылысшылары Нөкисти сийрек гезлесетуғын имаратлар ҳәм архитектуралық ансамбльлер менен безеди. Булардың ишинен жаңа турақ жай

массивлерин, Университетти, Искусство сарайын, темир жол вокзалын, «Ташкент» мийманханасын, Бахыт үйин ҳәм басқа да көплеген имаратларды атап көрсетсе арзыйды.

Қурылыс индустриясы дүзилди. Ири панельден жай салыў заводы, силикат заводы, 5 гербиш заводы, союзлық әҳмийетке ийе қара үй-кийиз комбинаты иске қосылды.

Бүгинги Қарақалпақстан тайнапыр қурылыс майданшасына мегзеп, ҳәмме жерде ғалаба таза қурылыслар бой тиклемекте. Мәмлекетлик ҳәм кооперативлик кәрханалар менен шөлкемлердиң ири қаржыларының муғдары 1982-жылы 1940-жылғы менен салыстырғанда 4 млн. манаттан 446 млн. манатқа жетти. Ҳәзир қурылыс шөлкемлеринде 30 мыңнан аслам рабочийлар менен хызметкерлер ислеп атыр.

Тахиатас ГРЭС иниң бесинши гезеги қурылып атыр. Тийкарынан жалпыламай электрлестириў иси питиўи менен электр жеткериўши жоқары вольтли линиялардың резерв системасын қурыў жумысы басланды. Әмиўдәрьяға сийрек ушырасатуғын суў қурылысы—Тахиятас гидроузели салынды. Ол тек ғана дәрья суўын көп мыңлаған гектар жерлерге ретлестирип берип ғана қоймай, еки жағаны машина ҳәм темир жоллар менен байланыстырып турады. Нөкис шыт-гезлеме комбинатының қурылысы жоқары пәт пенен жүргизилип атыр. Ҳәзирдиң өзинде Хожели, Төрткүл, Беруний ҳәм Маңғытларда оның филиаллары иске қосылды.

Қарақалпақстан картасында турақ жай, санаат, турмыс ҳәм мәдений жайларының қурылысы қызғын пәт пенен жүргизилмей атырған бир де қала ямаса қышлақ жоқ. Қалалар, поселкалар, санаат кәрханалары, мектеплер, медицина мәкемелери, дүканлар, турмыс жағынан хызмет көрсетиў комбинатлары, автомобиль базалары, халыққа хызмет көрсетиў станциялары темир жол ҳәм машина жоллары, газопроводлар ҳәм басқа да әҳмийетли объектлер бириниң изинен бири бой тиклемекте.

Тек онышны бес жыллықта 832 мың кв. метр турақ жай пайдаланыўға тапсырылды. Жаңа, бүгинги заман талабына сай исленген жайларда халқымыздың прогрессивлик, миймандослық, мийнет сүйгишлик, қолы ашықлық дәстүрлерине садық автономиялы республикамыздың мийнеткешлери жасап атыр. Олар туўысқан халықлар аўқамында бинаят болған жаңа, советлик өмир сүриў шараяты менен мақтана алады.

Автономиялы республикамызда байланыс тараўы айрықша раўажланбақта. Қараўында 25 аппараты ғана бар биринши телефон станциясы 1925-жылы қурылған еди. Ҳәзир автономиялы республикамызда 23 байланыс кәрханалары ислеп тур. Москва, Ташкент ҳәм елимиздиң басқа да шәҳәрлери менен автомат телефон байланысы орнатылды. Қала ҳәм аўылларда 62,5 мың телефон аппаратлары, 88,9 мың радиотрансляция точкалары қурылды. Бизиң телеорайымыз төрт канал арқалы көрсетиўлер жүргизеди.

Қарақалпақстан аўыл хожалығы жоқары дәрежеде механизацияластырылған ири тараўға айланды. Ҳәр жылы автономиялы республикамыздың колхоз ҳәм совхозлары көп сандағы тракторлар ҳәм аўылхожалығы машиналарын алады.

Қарақалпақстан жери суўғарылып егилетуғын ески үлке. «Жердиң қаны суў» деген халық нақылы бар бизде. Деген менен ири масштабтағы ирригациялық қурылыс бизиң жеримизде тек совет дәўиринде ғана әмелге асты. Ленин атындағы, Қыз кеткен, Пахта арна, Рәўшан усаған жаңа магистраль каналлар, басқа да гидротехникалық қурылыслар, бир қатар ири электронасос станциялары қурылды. Каналларды тазалаўда мыңлаған жер насослары, гидромониторлар ҳәм экскаваторлар пайдаланылады.

Егер әпсанаўй батыр Фархад тасларды темир шот пенен үңгип, атызларға суў жеткерген болса, ҳәзирги заман «Фархад»лары ең қүдиретли бүгинги дәўир механизмлерин жумсап, олардың жәрдеми менен автономиялы республикамызды шым-шытырық суў каналлары ҳәм тарнаўлары менен кестелеп атыр.

Буннан былай тың жерлерди суўғарыў ушын ири резервлердиң тийкары салынды. Ислеп турған каналларды бетонлаў ҳәм жаңаларын қазыў, суў сақлағышларды қурыў жумыслары суўғарылатуғын жерлерди ашыўды әдеўир кеңейтиўге мүмкиншилик берди. Қарақалпақстанда Орта Азиядағы басқа да республикалардағыдай-ақ жаңа ирригациялық қурылыс жумыслары кең түрде ҳәўиж алмақта. Шөл ҳәм саҳраларға ҳүжим даўам етпекте.

Аўылхожалық өндирисин механизациялаў дәрежеси күн сайын өсип, алдыңғы агротехника енгизилип атыр. Атызларға минераль төгинлер төгиў дәрежеси артып баратыр. Аўыл хожалығын раўажландырыўдың перспективалық мәселеси менен Қарақалпақ дийханшылық илим-изертлеў институты, салыгершилик ҳәм шарўашылық бойынша Өзбекстан илим-изертлеў институтларының филиаллары ҳәм басқа да мәкемелер шуғылланып атыр. Усындай дийханшылық маманларының арттырылған жигерли мийнети ҳәм асқан шеберлигине бола Арал әтирапының жерлери сақыйлық пенен бай зүрәәтлерин инам етип атыр.

Революцияға шекем Қарақалпақстан жылына барлығы болып 16 мың тонна пахта жетистирген, ал 1982-жылы автономиялы республикамыз елимизге усы қымбат баҳалы шийки заттан 436 мың тоннасын тапсырды, оның 250 мың тоннасы «көк корабльлерде» терилди. Ҳәрбир гектардан 33,6 центнерден «ақ алтын» терип алынды.

Қарақалпақстан —дүнья жүзинде ең арқа районға жайласқан пахташылық зонасы. Ҳаўа райының бираз қаталлығына қарамастан бул жерде пахташылық аўыл хожалығының жетекши тараўы болып есапланады. Оның үстине пахтаға деген қатнасық бизиң халқымызда адамлардың сап ҳүжданлылығынын өзинше бир тәрезиси болып қалды.

Пахташылық пенен бирге бизиң аўыл хожалығымыздың әҳмийетли тараўы салыгершилик болып отыр. Ҳәзир автономиялы республикамыз елимизде ен ири салы жетистириўшилердиң бири болып отыр. 1961-жылы 3,6 мың тонна салы тапсырған болсақ, 1981-жылы 307 мың тонна салы жыйнап алынды. Онышны бес жыллықта 1,2 миллион тонна салы жетистирилди, бул демек тоғызыншы бес жыллықтан 2,2 мәртебе, ал сегизинши бес жыллықта жетистирилген салыға қарағанда бес мәртебе артық деген сөз.

Қарақалпақстанда шарўашылық үлкен раўажланыў жолында. Ҳәр бир аўыл хожалық зонасында тарийхый ҳәм от-шөп ресурсларының составы шараятына қарай өзине тән шарўашылық хожалығының жағдайы бар. Әмиўдәрьяның төменги отлақлы жағалаўларында көбинесе ири қарамаллар, жылқылар, ал саҳра жайлаўларында түйелер ҳәм қой-жанлықлар өсириледи.

СССР да азық-аўқат программасы шарўашылықты раўажландырыўдың жоқарғы пәтин тәмийинлеў бойынша мәселени биринши планға қойып отыр. Областьлық партия шөлкеми ҳәм автономиялы республика ҳүкимети бул бағдарда айтарлықтай жумыслар алып баратыр. Онышны бес жыллыққа салыстырғанда гөш жетистириўдиң орташа жыллық муғдары 34 процентке, сүт—20, мәйек 42 процентке артты.

Шарўашылықты индустриялы тийкарға өткериў илажлары избе-из әмелге асырылып атыр. Беккем от-жем базасы дүзилмекте. Автономиялы республикамызда үстимиздеги бес жыллықтың ақырына гөш жетистириўди 1,7 мәртебе, сүт—1,8, мәйек—2,5 мәртебе арттырыў планластырылып отыр.

Автономиялы республикамыздың қаракөлшилик совхозларын ҳәм Мойнақтағы Әмиўдәрья ҳайўанат промхозын «Елимиздиң валюта цехы»,—деп атайды. Қаракөл—қара, ширазы—ақшыл көк, қамар—алтын рең, сур—гүмис рең қозы терилери, норка, ондатра, қара-қоңыр түлки, нутрия терилери дүнья жүзилик базарда жоқары баҳаланады.

Қарақалпақстанның жер ҳәм ҳаўа райы шараятлары от-жем ҳәм туқым жоңышқа егиўге қолайлы жағдайға ийе. Бизиң үлкемиз жоңышқа туқым менен тәмийинлеўде Советлер Союзының тийкарғы базасы болып табылады.

Узақ даўам ететуғын вегетациялық дәўир, қуяш нурының ҳәм ыссылықтың молшылығы бағшылық пенен жүзимгершиликти раўажландырыўға үлкен мүмкиншилик туўдырады. Халық селекционерлери ҳәм Шымбай дийханшылық илим-изертлеў институтының хызметкерлери тәрепинен мийўелер менен жүзимниң өнимдарлы баҳалы сортлары табылды. Қантлы ериклер, ири шабдаллар алмурт, смородина ҳәм малиналар селекцияланды.

Қарақалпақстанда қаўынның дүньядағы ең ағла сортлары өсириледи. Әййем заманлары Беруний қаўынлары кәрўан гүзарлары менен Азия ҳәм Европа еллерине апарылған. Хош ийиси, жесең шекенде татыған мазасы оның даңқын елимизден сыртқары жақларға да таратты.

1982-жылы 100 мың тоннадан аслам жемис ҳәм овощлар жетистирилди. Жақын жыллары автономиялы республикамыз өнимниң бул түрин ҳәзиргиден 2 есе, картофельди үш мәртебе көп жетистиреди, теплица хожалығының майданы 50 гектарға дейин көбейеди. Лимон жетистириў қолға алынды. Жыл сайын бал, наўқан қурты ҳәм солар сыяқлы басқа да өнимлерди жетистириў артып бармақта.

Мәдений саласында түпкиликли революциялық өзгерислер болып өтти. Октябрь революциясына дейин Қарақалпақстанда мың адамға тек 2 саўатлы адамнан туўра келген болып, төрт баслаўыш мектепте бәри болып 174 оқыўшы оқыған.

Буржуазия «көзи ашық»лары Түркстан халқын улыўма саўатландырыў ушын бес-алты мың жыл керек деген еди. Лекин Совет власты бул мәселени өзгеше шешти. Тек ғана саўатсызлықты сапластырыў менен шекленбей, ғалаба орта мағлыўмат бериўди баслап жибериў ушын тек ярым әсирдиң өзи-ақ жеткиликли болды. 10 мың адамға неше студенттен келетуғынын есаплағанда, Қарақалпақстан Иран менен Түркияны көз ушында қалдырып кетип, ФРГ, Англия, Италия ҳәм басқа да раўажланған капиталистлик еллерден де озып кетти.

Ҳәзир автономиялы республикамызда 745 улыўма билим бериў мектеби, Нөкис мәмлекетлик университети, 25 техникум, 43 кәсип-техникалық училище, 380 балалар бақшасы ҳәм яслиси бар. Халық билимлендириў системасының барлық түринде республикада жасаўшылардың үштен бири билим алып атыр.

Өзбекстан ССР Илимлер Академиясының Қарақалпақстандағы филиалында, университетте, дийханшылық институтында ҳәм басқа да илим-изертлеў мәкемелеринде 700 ден аслам илимий хызметкерлер ислейди, олардың 400 ге жақыны илим кандидатлары ҳәм докторлары. Халық хожалығы ҳәм мәдений-социаллық мәкемелерде қәнигелеримиздиң қырқ мыңлық отряды жемисли мийнет етип атыр.

Уллы Октябрьден өз еркинлигин алған қарақалпақ ҳаял-қызлары сиясий, хожалық, мәдений ҳәм жәмийетлик турмыс тараўларының барлық областьларында актив түрде қатнасып атыр.

Советлер елиниң барлық халықларының ийгиликли тәсири ҳәм мәдениятын өз-ара байытыўы арқасында қарақалпақ халқының мәденияты формасы жағынан миллий ҳәм мазмуны жағынан социалистлик болып раўажланып атыр. Жүдә гөззал ҳәм бай фольклорлық мийрасымыздан, классиклеримиз Жийен жыраў, Бердақ, Күнхожалардың творчествосынан саға алған қарақалпақ әдебияты тамырын тереңге урып, кем-кем жайнап гүллеп атыр. Автономиялы республикамыздың мәдений турмысында қарақалпақ аўыз-еки халық творчествосының 20 томлығының шығарыла баслаўы, сондай-ақ «Қырық қыз» ҳәм «Шарьяр» дәстанларының рус тилинде шығыўы үлкен ўақыя болды.

Қарақалпақлардың Россияға өз ықтыяры менен қосылғанына 100 жыл толыўына бағышланып Россия Федерациясының бизиң республикамызда өткерилген әдебият ҳәм мәдений күнлери ҳәм қарақалпақ әдебиятының Москвада өткерилген күнлери үлкен табыслар менен жуўмақланды. Башқуртстан, Татарстан, Дағыстан ҳәм Қызыл Орда областы менен республикамыз арасында өз-ара өткерилген әдебият ҳәм искусство күнлери, қарақалпақ мәдениятының Ташкентте өткерилген күнлери елимиздиң халықларының бузылмас дослығының жарқын демонстрациясына келип қосылды.

Автономиялы республикамызда жазыўшылардың, журналистлердиң, художниклердиң, композиторлардың, архитекторлардың творчестволық союзлары ислеп турыпты.

Республикамызда улыўма жыллық тиражы 37 миллион данадан асатуғын 27 газета ҳәм журналлар шығады. Халықтың мың жан басына мыңнан аслам газета ҳәм журналдан туўра келеди. «Қарақалпақстан» баспасы ҳәр жылы 240 атамадан асламырақ улыўма тиражы 2 миллионға шамалас китап ҳәм брошюралар басып шығарады. Олар марксизм-ленинизм классиклериниң мийнетлери, социал-экономикалық, сиясий-массалық, аўыл хожалығы, санитария-ағартыў, көркем ҳәм басқа да әдебиятлар, сондай-ақ сабақлықлар, мектеплер ҳәм басқа да оқыў орынлары ушын оқыў қураллары.

Станиславский атындағы музыка-драма ҳәм комедия театры, Жас тамашагөйлер театры, Бердақ атындағы мәмлекетлик филармония, халық театрлары ҳәм көп сандағы көркем ҳәўескерлер коллективлери халық арасында үлкен абырайға ийе. Республикамызда бай фондқа ийе еки музей—искусство ҳәм үлке таныў музейи бар.

Жыл сайын китапханалардың саны артып, ҳәзир 4 миллион томнан ибарат олардың китап фондлары көбейип бармақта, 288 клуб мәкемелери, 388 киноустановка ислеп турыпты.

Революцияға шекемги Қарақалпақстан халқының басым көпшилигиниң медициналық жәрдеми ҳаққында түсиниги де жоқ еди. Үш емлеўханада 30 койка болып, төрт фельдшерлик пунктте бәри болып 3 врач ҳәм 4 фельдшер жумыс ислеген. Ҳәзир республикамызда ең жаңа медициналық үскенелер менен тәмийинленген 92 емлеўхана мәкемеси бар. Олар 12 мың емлеў койкаларына ийе. Ден саўлықты сақлаў системасында 2,5 мың врач ҳәм он мыңға жақын орта медициналық хызметкерлер ислеп атыр.

Автономиялы республикамызда физкультура ҳәм спорт массалық түрде раўажланыўда.

Ҳақыйқатынан алғанда ең елеўли өзгерислер, мийнет етиўди намыстың, мәртликтиң ҳәм қаҳарманлықтың нышаны деп түсинетуғын бизиң әжайып адамларымыздың турмысында болып атыр. Ҳүжданның саплығы ҳәм кең пейиллик, социалистлик ўатанға шексиз садықлық, мийнет сүйгишлик, интернационализм — мине совет адамының ең әжайып қәсийетлери усыннан ибарат.

Қарақалпақстан көп миллетли республика сыпатында раўажланып атыр. Бул жерде қарақалпақлар ҳәм руслар, өзбек ҳәм украинлар, қазақлар ҳәм белоруслар, түркменлер ҳәм татарлар, барлығы болып 88 миллет ҳәм халықтың ўәкиллери дослық семьяда бирге жасап, бирге мийнет етип атыр. Автономиялы республиканың мийнеткешлери, адамлардың уллы жаңа жәмийети—Совет халқының составына киретуғынлығын мақтаныш етеди. Елимиздиң ҳәмме жерлериндегидей-ақ Қарақалпақстан мийнеткешлериниң турмыс жағдайы планлы түрде жақсыланып атыр, рабочий ҳәм хызметкерлердиң мийнет ҳақысының муғдары артып бармақта, колхозшылардың дәраматы көбейип атыр. Жәмийетлик тутыныў фондынан халыққа ақша төлеў ҳәм жеңиллик бериў айтарлықтай артты ҳәм жақсыланды.

Автономиялы республикамыздың барлық экономикалық ҳәм сиясий-жәмийетлик мәселелерин елимиздиң барлық жерлериндегидей-ақ мийнеткешлердиң өзлери толық ықтыярлы органлары—халық депутатлары Советлери арқалы шешеди. Оның составы ҳақыйқый халық ҳүкиметиниң жанлы формасының нағыз өзи екенлигин көрсетеди.

Қарақалпақстан АССР Жоқарғы ҳәм жергиликли Советлерине 7482 депутат сайланды, олардың 50—60 проценти рабочийлар ҳәм колхозшылар.

Қарақалпақстан ҳәр қыйлы жер асты қазба байлықларына бай. Қурылыс материаллары санаты ушын шийки затлардың, әсиресе мрамор менен гранит кәнлери көбирек изертленген. Титан-магнетит рудасы, минерал дузы, сульфат, магний, хлорлы натрий, тальк алебастра, фосфоритлердиң де ири жер асты қатламлары бар. Үстирт саҳрасынан газ бенен нефтьтиң үлкен запаслары ашылды.

Лекин бизиң ең баслы байлығымыз—халықлар дослығы. Қарақалпақ халқының тарийхы—бул рус, өзбек, қазақ ҳәм басқа да халықлар менен туўысқанлық дослығының тарийхы. Уллы рус халқы менен дослығымыздың тамыры өткен әсирлердиң тереӊ түпкирине қарай кетеди. Рус жылнамашыларының гүўанамасына қарағанда, X әсирде-ақ бизиң бабаларымыз «қара бөриклер» князь Игорь менен бирге атланысларға шыққан. Ипатьев жылнамасы олардың: «Биз рус жери ушын, сениң ар-намысың ушын жан беремиз»,—деп князь алдында берген антын сақлап келген. 1873-жылы қарақалпақлардың Россияға ықтыярлы қосылыўы қарақалпақ халқының өмириндеги умытылмас тарийхый сәне болып қалды.

Қарақалпақстан халық хожалығының ҳәр бир тараўының раўажланыўы—«Халықлар дослығы» китабының бир бабы десе болады.

Совет властының дәслепки жылларынан-ақ баслап қарақалпақ халқы Москваның Дзержинский районы мийнеткешлериниң ағалық жәрдеминиң ийгиликли тәсирин сезип киятыр. Бизиң автономиялы республикамыздың Москва ҳәм Ленинградтың машина қурылысшылары, Донбасстың шахтерлары ҳәм химиклери, Волга менен Кавказдың энергетиклери, Орта Азия республикаларының ирригаторлары, селекционерлери ҳәм геологлары, Краснодардың салыкешлери менен бурыннан тығыз байланысы бар. Қарақалпақстанның қурылысшылары, монтажшылары, кән излеўшилери Белоруссияның автомобилистлерине, Сибирьдиң тоғай қырқыўшыларына, Прибалтиканың радиотехниклерине бәрқулла туўысқанлық рахметнамасын жоллап, жыллы жүрек сезимин билдирип киятыр.

Социалистлик интернационализм принципине садық Қарақалпақстан мийнеткешлери алдағы ўақытта да, әдиўли ленинлик халықлар дослығын ең баҳалы байлық деп санап оны көздиң қарашығындай қәстерлейди.

Қарақалпақстанның өтмиши ҳәм бүгинги өмири мине усындай. Оның алдында еле де қуўанышлы перспективалардың есиги ашық тур. Өзбекстан ССР ының өндириўши күшлерин раўажландырыўды тезлетиў нәзерде тутылған программаны әмелге асырыўда автономиялы республикамыздың салмақлы үлеси бар. Пайдалы қазылма байлықларды еле де толық пайдаланыў базасында бизде таў рудасы санааты тез пәт пенен раўажланады.

Буннан былай энергетикалық, металл ислеў, қурылыс материаллары санааты химиялық, жеңил санааты пахта тазалаў, азық-аўкат санаатлары күшли пәт пенен раўажлана баслайды Жакын арада минераль төгинлер завды, Нөкис шыт гезлемеси комбинаты усаған ири индустриялық қурылыслар питкериледи.

Автономиялы республикамыздың суўғарылатуғын жер майданы еки мәртебеге кеңейеди, пахта өндириў жылына 500 мың тоннаға салы да 500 мың тоннаға жеткериледи. Шарўашылық өнимлерин ҳәм басқа да аўыл хожалық өнимлерин өндириў кескин түрде арттырылады.

Усы айтқан ҳәм бөтен де уллы планларымызды иске асырыў бизиң үлкемиздиң келбетин буннан да бетер гөззал етеди. Қарақалпақстанның елимиздиң халық хожалығындағы экономикалық потенциалының әдеўир дәрежеде өсиўин тәмийинлейди.

Өзимиздиң келешекке планларымыз ҳаққында сөз еткенде КПСС Орайлық Комитетиниң Бас секретары Константин Устинович Черненконың төмендеги сөзлерин келтирип өткимиз келеди. 1984-жылдың мартында Москваның Куйбышев сайлаў округиниң сайлаўшылары менен ушырасыўында сөйлеген сөзинде ол: «... бир әпиўайы шынлықты ҳеш қашан естен шығарыўға болмайды: жақсырақ жасаў ушын, жақсырақ жумыс ислеў керек»—деген еди.

Туўысқан республикалар халықлары менен бир қатарда турып коммунистлеримиз, барлық Қарақалпақстан мийнеткешлери Өзбекстан ССР ҳәм Өзбекстан Компартиясының, Қарақалпакстан АССР ҳәм областьлық партия шөлкеминиң 60 жыллығын экономика, илим-мәдениятымыздың таң қаларлық жетискенликлери менен, КПСС XXVI съездиниң тарийхый көрсетпелерин табыслы түрде турмысқа асырыў ушын ылайықлы өз үлесин қосыўға бел байлаў менен Уллы Ўатанымыз—Совет Социалистлик Республикалар Союзының қүдиретин буннан былай да беккемлей отырып күтип алады.

РАВНАЯ СРЕДИ РАВНЫХ

Каракалпакская Автономная Советская Социалистическая Республика расположена на северо-западе Узбекской ССР. Её территория занимает 165,7 тысячи квадратных километров, население составляет более миллиона человек.

Столица Каракалпакской АССР – г. Нукус является экономическим, административно-политическим и культурным центром автономной республики. До Октябрьской революции это было сторожевое укрепление с двумя мрачными казарменными зданиями. Город был заложен в 1932 году, когда сюда было решено перенести столицу из Турткуля. А столицей Нукус стал в 1939 году. Он расположен почти в геометрическом центре Каракалпакстана.

В архитектурном облике города простые и строгие здания красиво сочетаются с современными многоэтажными зданиями и зелеными насаждениями. Он быстро растет, появились новые микрорайоны. Ежегодно более тысячи нукусцев празднуют новоселье. Ныне здесь проживают около 150 тысяч человек.

Природа щедро одарила автономную республику. Обрамленный песками Кызылкумов и Каракумов, плато Устюрт и Аральским морем, этот край пленяет красотой морских плесов и озер, тугаев, хлопковых и рисовых полей, садов и виноградников, поражает богатством недр. Воды крупнейшей реки Средней Азии – Амударьи несут живительную влагу и плодородие обширным пространствам.

На протяжении долгих веков Каракалпакстан был краем бесправия, нужды. Трудящиеся массы жестоко эксплуатировались, были поголовно неграмотны. Страшная нищета, голод, отсутствие медицинской помощи обрекали народ на вымирание. До Октябрьской революции Каракалпакстан был одной из самых отсталых колоний царской России. Великий Октябрь, Ленин, партия коммунистов, русский рабочий класс принесли свободу и счастье, разбили оковы социального и национального гнета. Волей партии, героическими свершениями народа преобразована вся каракалпакская земля. Человек труда стал хозяином её несметных богатств.

Равный среди равных каракалпакский народ за годы Советской власти совершил гигантский скачок в общественно-политическом, экономическом и социальном прогрессе, впервые в истории обрел свою государственность. Сформировалась и развивается каракалпакская социалистическая нация.

В 1924 году в результате национально-государственного размежевания республик Средней Азии была образована Каракалпакская автономная область в составе Казахской АССР. В 1930 году она вошла непосредственно в состав Российской Федерации, в 1932 году преобразована в Автономную Советскую Социалистическую Республику. По Конституции СССР 1936 года Каракалпакская АССР вошла в состав Узбекской ССР.

Выступая на совместном торжественном заседании Центрального Комитета КПСС, Верховного Совета СССР и Верховного Совета РСФСР, посвященном 60-летию образования Союза Советских Социалистических Республик, Генеральный секретарь ЦК КПСС товарищ Ю. В. Андропов подчеркнул, что путь, пройденный Советским Союзом за 60 лет, – это целая эпоха. История, пожалуй, не знает столь стремительного взлета от состояния отсталости, бедствий и разрухи к могуществу современной великой державы с высочайшим уровнем культуры и постоянно растущим благосостоянием народа.

История Союза ССР – это история возмужания и подлинного расцвета – экономического, политического и культурного – всех сплотившихся под его знаменем республик, всех населяющих страну наций и народностей.

Славный путь в братском союзе советских республик прошел и наш Каракалпакстан, где до революции преобладали патриархально-феодальные отношения. Под руководством Коммунистической партии, при братской помощи великого русского, узбекского и других народов нашей страны он превратился в цветущий край с высокоразвитым промышленным и сельскохозяйственным производством, передовой культурой и наукой.

Социалистический Каракалпакстан, на знамени которого сияют ордена Ленина, Октябрьской Революции и Дружбы народов, – яркий пример жизнеутверждающей силы марксизма-ленинизма, торжества мудрой ленинской национальной политики КПСС.

В 1984 году исполняется 60 лет Каракалпакской советской автономии. Это небольшой исторический срок. Но те великие преобразования, которые совершены за шестьдесят лет созидательного труда, равны по своей значимости и грандиозности целой исторической эпохе.

По сравнению с 1913 годом выпуск промышленной продукции увеличился в 262 раза. За годы Советской власти в автономной республике созданы энергетическая, хлопкоочистительная, маслобойная, рыбообрабатывающая, металлообрабатывающая, мебельная, полиграфическая и другие отрасли. Недавно появилась новая отрасль – текстильная.

Подслеповатые масляные светильники уступали место „лампочкам Ильича", одна за другой вступали в строй новые электростанции.

Деревянные сохи и скрипучие арбы перекочевали в качестве экспонатов в музеи, а по бороздам полей пошли тракторы и комбайны. Сотворилось чудо преобразования края из отсталого с полунатуральным земледелием и кочевым животноводством в социалистический, индустриально-аграрный.

Всему промышленному комплексу республики присущи черты социалистического пути индустриализации – создание не только сырьевых, но и обрабатывающих отраслей, дающих готовую продукцию.

До революции на мелких полукустарных предприятиях, базировавшихся на первичной обработке сельскохозяйственного сырья, было всего 137 рабочих. Сейчас в автономной республике насчитывается более ста предприятий, оснащенных современной техникой, на которых трудится большая армия высококвалифицированных рабочих, инженерно-технических работников.

Наиболее крупной отраслью промышленности является хлопкоперерабатывающая. Если в 1923–1924 хозяйственном году единственным тогда государственным Турткульским хлопкоочистительным заводом выработано 1 тыс. тонн хлопкового волокна, то сейчас среднегодовая выработка восьми хлопкоочистительных заводов составляет около 120 тыс. тонн волокна, 25 тыс. тонн растительного масла и другой продукции.

Бурно развивается электроэнергетика. В довоенном, 1940 году всеми электростанциями автономной республики было выработано 3,6 млн. киловатт-часов электроэнергии, в 1950 году – 10,5 млн., а в 1982 году только одна Тахиаташская ГРЭС дала народному хозяйству 1,7 миллиарда киловатт-часов. Мачты Тахиаташской ГРЭС, которую называют станцией Дружбы народов, несут на своих плечах электроэнергию во все уголки Каракалпакии, Хорезмской области Узбекистана и Ташаузской области Туркменистана. ГРЭС подключена к единой энергетической системе.

Большим спросом у населения пользуется продукция крупнейшего в Средней Азии Муйнакского рыбоконсервного комбината, более двадцати видам которой присвоен Государственный знак качества. Одних только рыбных консервов комбинат дает в год более 12 млн. условных банок. Выпускает он также частиковую икру, свежемороженую, соленую, вяленую и копченую рыбу.

В народном хозяйстве и в быту все шире используется природный газ. На плато Устюрт сдано в промышленную эксплуатацию мощное Шахпахтинское месторождение, запасы которого исчисляются десятками миллиардов кубометров „голубого топлива". Каракалпакский природный газ поступает в трансконтинентальный газопровод Средняя Азия – Центр.

Каракалпакстан, который еще в недалеком прошлом пересекали лишь караванные тропы, сегодня стал краем разветвленной сети шоссейных, железнодорожных, водных и воздушных сообщений. Автомобильные дороги с твердым покрытием, протяженность которых составляет 2,5 тыс. км, связывают самые отдаленные пункты автономной республики. Большое народнохозяйственное значение имеет автострада Ташкент – Аральское море.

В послевоенные годы была построена первая в автономной республике железная дорога Чарджоу – Кунград, соединившая Каракалпакстан через каракумские барханы со Среднеазиатской железной дорогой. В канун 50-летия образования СССР сдана в эксплуатацию 406-километровая стальная магистраль Кунград–Бейнеу, которая почти вдвое сократила железнодорожный путь к центральным районам страны. За последнее десятилетие железнодорожная линия была перекинута на правобережье Амударьи и протянулась через столицу автономной республики до Чимбая на севере, а на юге она дошла до Турткуля. Ныне железнодорожные составы (пассажирские и грузовые) регулярно курсируют со станции Нукус по многим направлениям.

Воздушный транспорт соединяет нашу столицу с Москвой, Киевом, Ташкентом, Алма-Атой, Баку, Ашхабадом, Душанбе, Волгоградом, Минеральными Водами и многими другими городами, с районными центрами и отдаленными поселками животноводов и геологов. Оснащен новейшими судами и баржами речной флот.

До революции каракалпаки жили в юртах и глинобитных мазанках. Строительство городов и поселков началось только при Советской власти. Буквально на пустыре появились такие города и поселки, как Тахиаташ, Шуманай, Караузяк, Ленинабад, Акмангит, Бустанлик, Комсомольск-на-Устюрте, Каратау. Крупные микрорайоны выросли в Кунграде, Ходжейли, Турткуле и во многих других городах, возведены благоустроенные колхозные и совхозные поселки.

Строители Каракалпакстана соорудили в Нукусе уникальные здания и архитектурные ансамбли. Это – новые жилые районы, университет, Дворец искусств, Дворец пионеров, железнодорожный вокзал, гостиница „Ташкент", Дом счастья и многое другое.

Создана строительная индустрия. Введены в действие заводы крупнопанельного домостроения, силикацитный,

5 кирпичных, юрто-войлочный комбинат союзного значения.

Сегодняшний Каракалпакстан – гигантская строительная площадка, он весь в лесах новостроек. Объем капитальных вложений государственных и кооперативных предприятий и организаций в 1982 году составил 446 млн. рублей против 4 млн. рублей в 1940 году. Сейчас в строительных организациях занято более 30 тыс. рабочих и служащих.

Строится пятая очередь Тахиаташской ГРЭС. С завершением в основном сплошной электрификации началось создание резервной системы высоковольтных линий электропередач. Возведено уникальное сооружение на Амударье – Тахиаташский гидроузел, который не только регулирует сток реки на многие десятки тысяч гектаров земли, но и связывает шоссейным и железнодорожным переходами ее берега. Высокими темпами ведется строительство Нукусского хлопчатобумажного комбината, филиалы которого уже действуют в Ходжейли, Турткуле, Бируни, Мангите.

На карте Каракалпакии нет такого города или кишлака, где бы не шло бурное жилищное, промышленное, бытовое и культурное строительство. Возводятся города, поселки, промышленные предприятия, школы, медицинские учреждения, магазины, бытовые комбинаты, автомобильные базы, станции обслуживания, железнодорожные и автомобильные дороги, газопроводы и многие другие важные объекты.

Только за десятую пятилетку сдано в эксплуатацию 832 тыс. кв. метров жилой площади. В новых, по современному благоустроенных квартирах в достатке живут ныне труженики автономной республики, свято сохраняя прогрессивные традиции гостеприимства, трудолюбия, сердечной щедрости. Они гордятся своим новым, советским образом жизни, рожденным содружеством народов-братьев.

Большое развитие в автономной республике получила связь. Первая телефонная станция была построена в 1927 году емкостью 25 аппаратов. Ныне в автономной республике действуют 23 предприятия связи. Установлена автоматическая телефонная связь с Москвой, Ташкентом и другими городами страны. В городах и селах установлено 62,5 тыс. телефонных аппаратов, действуют 88,9 тыс. радиотрансляционных точек. По четырем каналам ведет вещание наш телецентр.

Крупной высокомеханизированной отраслью стало сельское хозяйство Каракалпакстана. Ежегодно колхозы и совхозы автономной республики получают большое количество тракторов и других сельхозмашин.

Каракалпакия – край древнего орошаемого земледелия. Народная поговорка гласит: „Родит не земля, родит вода“. Однако в крупных масштабах ирригационное строительство развернулось на нашей земле лишь в советское время. Введены в строй новые магистральные каналы – имени Ленина, Кызкеткен, Пахтаарна, Раушан и другие гидротехнические сооружения, несколько крупных электронасосных станций. На очистке каналов используется более тысячи землесосов, гидромониторов и экскаваторов.

Если легендарный богатырь Фархад прокладывал путь воде к полям, прорубая скалы киркой, то современные „Фархады“ используют самую мощную современную технику, с помощью которой они покрыли всю нашу автономную республику густой сетью оросительных каналов, плотин.

Огромные резервы заложены в дальнейшем орошении целинных земель. Прокладка новых и бетонирование существующих каналов, строительство водохранилищ позволяют значительно расширить орошаемое земледелие. В Каракалпакстане, как и в других республиках Средней Азии, ведутся обширные работы по новому ирригационному строительству. Штурм пустынь и степей продолжается.

